## ҚАРАҚАЛПАҚСТАН РЕСПУБЛИКАСЫ ХАЛЫҚ БИЛИМЛЕНДИРИЎ МИНИСТРИНИҢ БУЙРЫҒЫ

### Район(қала)лық халық билимлендириў бөлимлери хызметкерлериниң жумысларының нәтийжелилигин баҳалаўды жетилистириў ҳәмде оларды қосымша материаллық хошаметлеў бойынша ис-илажлар ҳаққында

Өзбекстан Республикасы Халық билимлендириў министрлигиниң 2021-жыл 26-майдағы 163-санлы буйрығын басшылыққа алыў ҳәм орынланыўын тәмийинлеў мақсетинде **буйыраман:**

1. Өзбекстан Республикасы Халық билимлендириў министрлигиниң 2021-жыл 26-майдағы «Район(қала)лық халық билимлендириў бөлимлери хызметкерлериниң жумысларының нәтийжелилигин баҳалаўды жетилистириў ҳәмде оларды қосымша материаллық хошаметлеў бойынша ис-илажлар ҳаққында»ғы 163-санлы буйрығы басшылыққа алынсын ҳәм орынланыўы тәмийинленсин.

2. Жоқарыдағы буйрық пенен:

Өзбекстан Республикасы Президентиниң 2021-жыл 26-марттағы «Руўхый-ағартыўшылық жумыслар системасын түптен жетилистириў ис-илажлары ҳаққында»ғы ПҚ-5040-санлы қарары менен тастыйықланған «Өзбекстан Республикасы Президентиниң айырым қарарларына киритилип атырған өзгерис ҳәм қосымшалар»ға муўапық район (қала)лық халық билимлендириў бөлимлери жанындағы юридикалық шахс статусына ийе болмаған халық билимлендириўи хызметкерлерин хошаметлеў қорлары (кейинги орынларда - қор) дерeклери етип;

2021-жылда район (қала)лық халық билимлендириў бөлимлери хызметкерлериниң жыллық ис-ҳақы фондының - **25 пайызына**, 2022-жылдан баслап - **50 пайызына** тең муғдардағы қаржылар;

район (қала)лық халық билимлендириў бөлимлери бойсыныўындағы мәкемелердиң бюджеттен тысқары қорлары дәраматлары (қәўендерлик ислеринен тысқары), соннан менен бирге бос турған имәрат ҳәм жерлерди ижараға бериў есабынан түскен түсимлерден **3 пайыз** муғдардағы ажыратпалар;

улыўма орта билим бериў мәкемелериниң директор қорына ажыратылған қаржылардың **5 пайызы** белгиленгенлиги;

бунда, халық билимлендириўи хызметкерлерин хошаметлеў қоры қаржылары район (қала)лық халық билимлендириў бөлими хызметкерлери, соның менен бирге, методистлери ҳәмде улыўма билим бериў мәкемелери директорларын материаллық қоллап-қуўатлаў илажларына қаратылатуғынлығы;

сондай-ақ, район (қала)лық халық билимлендириў бөлимлери баслықлары ҳәм методистлериниң жумыслары нәтийжелилигин баҳалаў критериялары (KPI) **1-қосымшаға**;

район (қала)лық халық билимлендириў бөлимлери баслықлары ҳәм методистлериниң жумыслары нәтийжелилигин баҳалаў критериялары(KPI)на муўапық район(қала)лық халық билимлендириў бөлимлери жанындағы Халық билимлендириўи хызметкерлерин хошаметлеў қоры есабынан төленетуғын үстемелерди белгилеў бойынша усыныслар **2-қосымшаға** муўапық тастыйықланғанлығы;

**Усы жылдың апрель айынан баслап**:

**тек ғана** район (қала)лық халық билимлендириў бөлимлери **баслықлары хәм методистлерине** 1-қосымшада белгиленген критериялар тийкарында, қалған хызметкерлер (баслық хәм методистлерден тысқары барлық хызметкерлер)ге қор қаржылары есабынан әмелге асырылатуғын төлемлер хәм қосымша ис ҳақы муғдарлары район (қала)лық халық билимлендириў бөлимлери жанында шөлкемлестирилген **комиссия қарарына** көре қор есабынан ҳәр айлық үстеме ҳақы төлеп барылыўы.

Оқыў-тәрбия процессин методикалық тәмийинлеў секторы методистлеринен бири **бас методист** етип белгиленеди хәм оған усы сектор методистлери жумысларын муўапықластырыў ўазыйпасы жүклетиледи хәм де усы ўазыйпаны әмелге асырғаны ушын оның базалық тариф ставкасына район (қала)лық халық билимлендириў бөлимлери хызметкерлерин **Бюджет мәкемелери хәм шөлкемлери хызметкерлерин материаллық қошаметлеў арнаўлы фонды** есабынан ҳәр айлық keминде 10 (он) пайыз муғдарында үстеме ҳақы тайынланыўы;

Билим сыпаты мониторинги бөлими хызметкерлериниң лаўазым ис ҳақылары тең болғанлығы себепли, усы бөлимдеги **бас-инспектор методистиниң** базалық тариф ставкасына район(қала)лық халық билимлендириў бөлими хызметкерлери **Бюджет мәкемелери хәм шөлкемлери хызметкерлерин материаллық хошаметлеў арнаўлы фонды** есабынан ҳәр айлық кеминде 10 (он) пайызы муғдарында үстеме ҳақы тайынланатуғынлығы белгилеп қойылғанлығы мағлыўмат ушын қабыл етилсин.

3. Бухгалтерия есабы хәм мәмлекетлик буйыртпалар бөлими (Г.Бекмуратова) хәм де Финанслық анализлеў хәм режелестириў бөлими (Т.Утепов)не:

усы буйрықта көрсетилген ўазыйпалардың белгиленген мүддетлерде хәм талаплар тийкарында орынланып барыўын қадағалаў ўазыйпалары жүклетилсин.

4. Барлық район(қала)лық халық билимлендириў бөлими баслықларына:

**үш күн мүддетте** 1-қосымшада белгиленген критериялар тийкарында район (қала)лық халық билимлендириў бөлимлериниң баслықлары хәм методистлерине усы жағдайдан келип шыққан ҳалда белгилеў бойынша буйрықларды рәсмийлестириў;

район (қала)лық халық билимлендириў бөлимлери хызметкерлерине тийисли қор есабынан лаўазым ис ҳақысына ҳәр айлық қосымша үстеме белгилеў қосымшаларда көрсетилген критерияларға **қатаң бойсынған ҳалда әмелге асырылыўын тәмийинлеў;**

**бир ҳәпте мүддетте** өзлери қабыл еткен ҳүжжетлерди усы буйрыққа муўапықластырыў ўазыйпалары тапсырылсын.

5. Усы буйрық қабыл етилиўи мүнәсибети менен Өзбекстан Республикасы Халық билимлендириў министриниң 2021-жыл 25-февральдағы 44-санлы буйрығының 1-қосымшасы өз күшин жоғалтқан деп есаплансын.

6. Атқарыўшылық тәртиби хәм мүрәжатлар менен ислесиў бөлими (М.Есбосинов) усы буйрықты министрликтиң барлық район(қала)лық халық билимлендириў бөлимлерине жеткизилиўин тәмийинлесин.

7. Усы буйрықтың орынланыўын қадағалаў министр орынбасары ў.ў.а И.Балтабаевқа жүклетилсин.

**Министр** **Р.Реимов**

Нөкис қаласы,
2021-жыл «08» июнь
№ 138